Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-XIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 43 (6979) 1 декабрь 2025 с. Итни Жумадул ахир 1447 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЗАЗУЛ ГIУМРУ

## Микьабилеб ахIиялъул иргадулаб гуреб сессия

### Социалиябгун экономикияб рахъал церетIезе квербакъулел хIукмаби гьаруна

**Бакълъулазул администрациялда депутатазул Собраниялъул микьабилеб ахIиялъул иргадулаб гуреб сессия тIобитIана. Гьениб гIахьаллъи гьабуна 32 депутатазда гьоркьоса 23-яс. Данделъи бачана муниципалитеталъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев ГIалихан ДавудхIажиевас.**

Гьединго сессиялда гIахьаллъана районалъул бетIер Гъалип Гъалипов, бакълъулазул прокурор Юсуп ГIалиев, бегавулзаби ва цогидал. Дандерусиналда депутатаз халгьабуна муниципалитеталъул финансовияб ва цогидалги хIалтIабазда хурхарал цо чанго аслиял суалазул.



Повесткаялда гьадинал суалал рукIана: «2025-абилеб соналде ва 2026-2027-абилел соназул планалъулаб болжалалде районалъул бюджеталда хиса-басиял гьариялъул»; «Гумбет район муниципалияб гIуцIиялъул 2026-абилеб соналде ва 2027-2028-абилел соназул болжалалъул бюджеталъул проекталъул хIакъалъулъ»; «Гумбет районалъул муниципалияб гIуцIиялъул Уставалъул цIияб редакция къабул гьаби»; « “Бакълъул районалда муниципалияб хъулухъ гьаби цебетIезаби” программа тасдикъ гьаби»;

Гьединго гьоркьор лъуна гьадинал суалалги: «Балугълъиялде рахинчIезул комиссиялъул гIахьалчIагIи ва положение чIезаби»; «Гумбет районалда жамгIиял гIенеккиял гIуцIиялъул ва тIоритIиялъул къагIидаялъул хIакъалъулъ Положение тасдикъ гьаби».

Гьеб тадбиралдаса хадуб къабул гьаруна муниципалияб нухмалъи лъикIлъизабиялде ва районалъул социалиябгун экономикияб рахъ хадубккунги цебетIезабиялде руссарал хIукмаби.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

## Шихалихан Насибовасулгун дандчIвай

### Бергьенлъаби цIикIкIаги

**ЦIунди-Щабдухъа муай-таялъул рахъалъ дунялалъул чемпионаталда бергьенлъи босарав Шихалихан Наси-бовгун дандчIвана муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов ва районалъул хIаракатчагIи.**

Гъалиповас гьесда баркана мустахIикъаб бергьенлъи щвей, гьарана нахъеккунги спорталъулъ, гIумрудулъ чIахIиял бергьенлъаби. Шихалихание администрациялъул рахъалдасан грамотаги кьуна. Насибов лъабго нухалъ Дагъистаналъул ва кIиго нухалъ Россиялъул муай-таялъул чемпион вахъана, гьединго 2024-абилеб соналъул дунялалъул чемпионаталда гIарцулаб медальги щвана. Спортсменасул тренер Камилов Идрисиеги кьуна Баркалаялъул кагъат.



Гьев ккола Дагъистаналъул чемпион ва кикбоксингалъул рахъалъ Россиялъул чемпионаталъул призер, тIадегIанаб категориялъул тренер ва педагог, муай-таялъул рахъалъ ТIолгороссиялъул категориялъул диванчи. Баркалаялъул кагъат кьуна районалда физкультура ва спорт цебетIезабиялъулъ гьес лъураб бутIаялъухъ.

**Макка МухIамадова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



ГIасруялъ лъай кьеялъул хъаравуллъиялда - 2 гьум.



ТБОялъул контейнерал, боцIуда биркаби лъей - 2 гьум.



Юридикияб рахъалъ лъималазул лъай борхизаби - 2 гьум.



ГIолилал армиялде нуха регIана - 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ГIасруялъ лъай кьеялъул хъаравуллъиялда

## Игьелдерил школалъ нусго сон бай кIодо гьабуна

**Араб анкьалъ Бакълъул ракьалда тIобитIана Игьали росдал гьоркьохъеб школалъ нусго сон баялъул рохалилаб тадбир. ГIадамазе, выпускниказе, мугIалимзабазе кIвар бугеб байрамлъун лъугьана чанго гIелалъе лъай, тарбия кьураб школалъул хIурматалда гIуцIараб тадбир.**

Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер Гъалип Гъалипов, муниципалитеталъул депутатазул Собраниялъул председатель ГIалихан ДавудхIажиев, бакълъулазул нухмалъулезул заместител МухтархIмад АхIмадов ва Сайпилав МухIамадов, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев ва цогидал.

Тадбиралда гIахьаллъараз кIвар буссинабуна араб гIасруялда жаниб лъайкьей цебетIеялъулъ, гIолилазе тарбия кьеялъулъ, маданиялъул гIадатал цIуниялъулъ школалъ лъураб кIудияб бутIаялде. Гьалбадерица игьелдерида баркана нусго сон тIубаялъул юбилей ва гьарана лъай щвеялъулъги гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъулъги бергьенлъаби.

Юбилеялъул байрамалъул бутIа хIисабалда школалъул азбаралда тIобитIана ярмарка. ЦIалдохъабаз рихьизаруна батIи-батIиял нигIматал, кверзул махщелчагIазул хIалтIаби. Хасго кIвар бугеблъун рукIана Гумбет районалда гIезарурал нигIматаздасан гьарурал квенал. Гьединго гьалбадерие лъикIаб асар гьабуна гIадатияб, «кIодоэбелалъул» рецептал — жакъа кьанагIат гурони ратуларел квенал — цIалдохъабаз ва гьезул хъизаназ хас гьабун байрамалде хIадур гьари.

Юбилеялъулаб данделъи берцин гьабуна районалъул лъималазул искусствоялъул школалъул тарбиячагIазул цецерахъиназ. Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна педагогикияб коллективалъе гIемерал соназ гьабураб хIалтIухъ, гьарана нахъеккунги мисалияб кьагIидаялда хIалтIизе тавпикъ, щулияб сахлъи.

Школалъул директор ХIасан ХIасановас баркала кьуна тадбиралде рачIарал гьалбадерие, гьеб гIуцIизе хIалкьаралщиназе.

**Макка МухIамадова**



---

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ТБОялъул контейнерал, боцIуда биркаби лъей

### СВОялъул гIахьалчагIазул сахлъи борхизабиялъулги бицана

**КIвар бугел суалал гьоркьор лъураб ва араб анкьалъул хIалтIул хIасилал гьарураб данделъи тIобитIана районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна идарабазул вакилзабаз.**

Гьедин, дандеруссиналда гIахьаллъараз бицана полиомиелиталде данде иммунизация гьабиялъул, ТБОялъул контейнерал лъеялъул, боцIуе маркировка гьабиялъул, СВОялъул гIахьалчагIазе кверблакъиялъул, магъало бакIариялъул, ресукъал хъизамазе кумек гьабиялъул ва гь. ц.

Бакълъулазул администрациялъул архитектураялъул, бакIал раялъул, ЖКХялъулгун управлениялъул нухмалъулев МухIамад АхIмаднабиевас баян кьуна ТБОялъул контейнерал росулел ругин ва кватIичIого росабалъе рикьизе районалде щвезаризе рукIин.



Гъалип Гъалиповас лъазабуна гьеб рахъалъ хIалтIи хехлъизабеян ва кьуна гьоркьор лъурал цогидал хIалуцарал суалал тIураялъе хIажатал тIадкьаял.

Хадубги, Россиялъул Дагъистан Республикаялъул Социалияб фондалъул Гумбет мухъалда бугеб клиентазул хъулухъалъул отделалъул нухмалъулев НурухIма МухIамадовас баян гьабуна СВОялъул гIахьалчагIазе рес бугин Россиялъул Социалияб фондалъул ихтиярада ругел реабилитациялъул центразда медицинаялъул хъулухъ гьабизе, гьединго спа-процедураби гьаризе ине.

ХIажатаб информация лъазе бокьани, нужеца бухьен гьабизе бегьула Гумбет мухъалда бугеб социалияб фондалъул, ДРялъул Бакълъул ракьалда бугеб МФЦялъул филиалалъул вакилзабазулгун, яги гIарза кьезе бегьула хIукуматалъул хъулухъазул порталалдасан.

**Макка МухIамадова**

---

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

## Юридикияб рахъалъ лъималазул лъай борхизаби

### Ихтияразул ва жавабчилъиялъул бицана

**Лъималазе юридикияб кумек гьабиялъул ТIолгороссиялъул къо кIодо гьабиялъул хIурматалда тадбир гIуцIана муниципалиталъул школазда. Жидер ихтияразул, жавабчилъиялъул бицана цIалдохъабазе.**

МельелтIа росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIараб гьединаб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна бакълъулазул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев ГIалихан ДавудхIажиевас, районалъул прокурор Юсуп ГIалиевас, Бакълъул мухъалъул жанисел ишазул балугъалъиялде рахинчIезул ишазул рахъалъ инспекторасул ишал тIуразарулев Дибир УхIумагIалиевас, школалъул директорзабаз ва цогидаз.

ЦIалдохъабазе бицана гIадлу-низам ва хIинкъигьечIолъи цIуниялъул аслиял кьагIидабазул. Дибир УхIумагIалиев гьединго щвана мельелдерил аслияб школалдеги. ЦIалдохъаби гьираго гIенеккана, гара-чIвариялда гIахьаллъана, суалал кьуна.

«Гьединал данделъабаз квербакъула лъималазул юридикияб рахъалъ лъай борхизабизе. Жакъа цIакъ хIажат буго гьитIинго лъимал гьеб рахъалъан куцай. Кьойидаса-кьойиде цIикIкIунел руго лъимал гуккун, гIарцудаса ратIа гьарулел гIадамал, террористазде аxIулел идараби. Нилъеца гьоркьоса кьотIичIого кIвар кьезе ккола цIиял гIелал квешалдаса цIуниялде»,- ян абуна Дибир УхIумагIалиевас.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

# ГIолилал армиялде нуха регIана

## Нух битIаги, борч борхи бигьалъаги

**Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас гIахьаллъи гьабуна армиялде гIолилал нуха регIиялъулъ. Медицинаялъул халгьабиги лъугIун, Гумбеталдаса гIолохъаби ритIана Россиялъул батIи-батIиял регионазде хъулухъ гьабизе.**




Муниципалитеталъул бетIерасда цадахъ гьединго рукIана «Гумбет» медиагруппаялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудинов, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев. Гьез армиялде унел гIолохъабазе гьарана тIадаб борч къиматалда борхизе щулияб сахлъи, мурадал тIурай ва хъулухъ тIубаялъулъ бигьалъи.

Абизе ккола, цересел соназул хIасилазда рекъон, Гумбет район рикIкIунеб бугин армиялде ахIиялъул кампаниял тIадегIанаб даражаялда гIуцIиялъул рахъалъ бищунго лъикIал муниципалитетазул цояблъун.

Районалда патриотикияб тарбия кьеялде кIудияб кIвар буссинабун буго. Лъималазул ватIаналде рокьи бижизабулеб буго школалдасанго, «Зарница» абураб рагъулабгун-патриотикияб хIаялда ва цогидалги тадбиразда гъираго гIахьаллъулел руго.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# Дур кумек кIоченаро, ДарбищмухIамад

## Кидаго хутIаги сахаватавлъун

**Исана риидал рарал цIадазул хIасилалда Гъадари росулъе нухал цIакъго хун рукIана. Нижедаго къачIан бажарулеб хIалги букIинчIого, росдал бегавул ГIабдула, кумек гьарун, кIалъана магIарухъе тIабигIияб газ бачунезул нухмалъулев ДарбищмухIамадихъе. Гьес, мухIги тIалаб гьабичIого, Аллагьасе гIоло жиндирго къуватаб эксковатор битIун бачIана.**



ДарбищмухIамадил кумекалдалъун къокъаб заманалда росулъе нухал къачIана ва гьанже гьенибе бокьараб автоэранспорт эркенго хьвадизе рес буго. Гъадари росдал жамагIаталъги администрациялъги «Гумбет» газета гьоркьоб ккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго битIун хIажаталъув кумекалъе ватарав бихьинаб гIамалалъул ДарбищмухIамадие!

Аллагьас мун квешлъабаздаса цIунаги, рекIел мурадал тIураги, щулияб сахлъиялда таги. Нижее гьабураб кумек дуниялалдаги ахираталдаги батаги. Кидаго гьединав сахаватав вукIине хIал кьеги!

**Гъадари росдал жамагIат**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

# Отдел МВД России по Гумбетовскому району предлагает варианты трудоустройства

**Предлагает гражданам один самых престижных вариантов трудоустройства в настоящее время — это служба в полиции, непростая, но очень важная и необходимая работа, требующая профессионализма, выносливости, хорошей физической подготовки и умения логически мыслить.**




На службу принимаются граждане Российской Федерации от 18 до 50 лет:

-с образованием не ниже среднего;

-не привлекавшийся к административной и уголовной ответственности;

-соответствующие квалификационным требованиям, способные по своим личным и деловым качествам, физической подготовке и состоянию здоровья выполнять служебные обязанности сотрудника органов внутренних дел.

Преимущество при приеме на службу предоставляется следующим категориям граждан: дети-сироты и дети, оставшиеся без попечения родителей, дети военнослужащих, участвующих (участвовавших) в специальной военной операции на территории ЛНР, ДНР, Запорожской и Херсонской областей в период проведения СВО, дети ветеранов ОВД и дети сотрудников ОВД, погибших при исполнении служебных обязанностей. Сотрудникам органов внутренних дел предоставляются следующие социальные льготы и гарантии:

-денежное довольствие сотрудника ОВД на первоначальном этапе службы составляет от 25 000 рублей до 35 000 рублей, в зависимости от замещаемой должности;

-возможность бесплатного обучения в высших учебных заведениях системы МВД России;

-оплачиваемый учебный отпуск;

-в обязательном порядке предоставляется государственное личное и дополнительное социальное страхование;

-бесплатное медицинское обслуживание (поликлиники, госпитали, санатории на территории РФ);

-предоставляется оплачиваемый очередной ежегодный отпуск продолжительностью 40 календарных дней, дополнительный отпуск за стаж службы в органах внутренних дел, дополнительный отпуск за ненормированный служебный день и отпуск по личным обстоятельствам.

-после 10 лет службы в органах внутренних дел предоставляется право на получение единовременной социальной выплаты для приобретения либо строительства жилого помещения;

-после 20 лет службы в органах внутренних дел предоставляется право выхода на пенсию (по некоторым должностям в ОВД предоставляется право выхода на пенсию на льготной основе).

По вопросу трудоустройства обращаться по телефону: 8 (8722) 99-69-15, или по адресу: с. Мехельта, ул. Центральная 104.

График приема документов: понедельник – суббота с 08:00 до 18:00, перерыв с 12:00 до 14:00.

**ОМВД России по Гумбетовскому району**

ДОКУМЕНТЫ

# О выписке из ЕГРН

**Выписка из ЕГРН — это официальный документ с информацией о земельных участках, жилых и нежилых объектах, правах собственности, ограничениях и обременениях.**




Выписка из ЕГРН содержит:

– данные

- владельца (при его согласии);

– площадь объекта и его адрес;

– границы и расположение объекта;

– кадастровую стоимость;

– информацию об обременениях и ограничениях, имеющихся на объекте недвижимости.

Однако бывают случаи, когда в выписке содержится неактуальная информация. Например, в адресе. Это может случиться, если улицу, на которой расположен объект недвижимости, переименовали или в связи с новой застройкой поменялась нумерация домов.

Орган местного самоуправления, на территории которого расположен объект недвижимости, принимает решение о присвоении, изменении или аннулировании адресов. Копия такого постановления предоставляется правообладателю по запросу в МФЦ.

Заявитель может самостоятельно обратиться с соответствующим заявлением в МФЦ для внесения в выписку ЕГРН сведений о новом адресе.

**Филиал МФЦ РД по Гумбетовскому району**

РИТМ ГУМБЕТА

## Стартовала Всероссийская акция «Ёлка желаний» Движения Первых

**Движение Первых дало старт общероссийской акции «Ёлка желаний».**

Организации, зарегистрированные как юридические лица, приглашаются к участию, становиться партнерами проекта и воплощать детские мечты, или Морганизовать подобную акцию на базе платформы «Ёлка желаний».

«Ёлка желаний» реализует мечты детей в возрасте от 3 до 17 лет включительно, относящихся к социально уязвимым категориям: дети с ограниченными возможностями здоровья, инвалиды или имеющие заболевания, представляющие угрозу для жизни; дети, оставшиеся без родительского попечения, сироты; дети из малообеспеченных семей.

Всероссийская акция «Ёлка желаний» занимается осуществлением мечтаний с 2018 года. Президент РФ Владимир Путин является активным участником акции и за прошедшие семь лет он лично исполнил 21 детское желание.




Подробно по ссылке:https://mirmol.ru/novosti/startovala-vserossijskaja-akcija-jolka-zhelanij-dvizhenija-pervyh/

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Турнир по волейболу памяти Асадулы Умардибирова пройдёт в Гумбете

**Администрация Гумбетовского района приглашает все учреждения муниципалитета принять участие в волейбольном турнире, посвящённом памяти заслуженного энергетика РД Асадулы Мирзаевича Умардибирова.**

Соревнование состоится 6 декабря 2025 года на базе спортшколы, расположенной в селе Мехельта.

Турнир станет не только значимым спортивным событием, но и важным шагом в укреплении единства, развитии здорового образа жизни и противодействии негативным социальным явлениям.

**Условия участия:**

заявки нужно подать в комитет по спорту, туризму и делам молодежи МР «Гумбетовский район» до 27.11.2025 года, 17:00. Допускается электронный вариант, направленный в группу представителей команд;

команда представляет конкретную организацию, расположенную на территории Гумбетовского района;

все участники команды должны являться сотрудниками организации, находящейся на территории района;

каждый член команды обязан иметь официальное трудоустройство в организации, расположенной на территории района;

игрок должен быть официально трудоустроен в организации на территории района не позднее чем за 3 месяца до даты проведения турнира. Допускается разноорганизационный состав (объединение работников из разных организаций района).




Команда детско-юношеской спортивной школы имеет право включить в свой состав до двух школьников, являющихся воспитанниками школы.

К участию в данном турнире не допускаются сотрудники филиалов организаций, размещённых за пределами территории Гумбетовского района.

Победители и призёры соревнований будут награждены памятными кубками, медалями и денежными призами:

первое место: команда и игроки награждаются Кубком, медалями, грамотами и денежным призом в размере 50 000 рублей;

второе место: команда и игроки награждаются медалями, грамотами и денежным призом в размере 30 000 рублей;

третье место: команда и игроки награждаются медалями, грамотами и денежным призом в размере 20 000 рублей.

Кроме того, спортсмены и команды могут быть награждены дополнительными денежными и иными призами по специальным номинациям.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Новые правила охоты в России: с 1 сентября 2025 года – обязательный экзамен

**С 1 сентября 2025 года в России вступили в силу изменения в порядке получения охотничьего билета.**

Главное нововведение – обязательная проверка знаний «охотминимума», которая касается новичков и тех, чей билет аннулировали из-за судимости или решения суда.

Теперь охотбилет могут получить лица старше 16 лет, если они:

– не признаны недееспособными;

– не имеют непогашенной судимости за умышленные преступления;

– не лишены права на охоту;

– успешно прошли экзамен по охотминимуму.

Экзамен обязателен:

– для тех, кто получает билет впервые;

– повторно – если предыдущий аннулировали по основаниям Федерального закона № 209-ФЗ «Об охоте». Проверка включает 100 вопросов: нужно набрать минимум 75% правильных ответов. Результаты приходят в течение 3 дней – по почте или SMS. Не сдали? Повторная попытка через 30 дней. После успеха заявление на билет подается через Госуслуги – в электронном формате или на бумаге. Но сначала в министерство нужно подать заявление с подтверждением навыков (по ст. 21.1 Закона № 209-ФЗ и Постановлению № 1227 от 15.08.2025). Без экзамена заявление отклонят! Подготовьтесь заранее: полный список вопросов и ответов – на сайте Минприроды Дагестана. В РД нововведения уже работают: с 29 октября Минприроды провело 5 экзаменационных сессий. На 21 ноября принято 49 заявок, 40 кандидатов успешно прошли тест и получили право на охотбилет.




**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Минэкономразвития РД объявляет дополнительный прием заявок на участие в госпрограмме развития горных территорий

**Министерство экономики и территориального развития Республики Дагестан сообщает о дополнительном приёме заявок на субсидирование затрат юридическим лицам, индивидуальным предпринимателям и гражданам, ведущим личное подсобное хозяйство, в рамках региональной государственной программы «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан».**



Подробнее по ссылке: https://minec.e-dag.ru/news/minekonomrazvitiia-rd-obieiavliaet-dopolnitelnyi-priem-zaiavok-na-ucastie-v-gosprogramme-razvitiia-gornyx-territorii

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахьарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.